

B J
2007
I5
K87

UC-NRLF



\$B 7 743

RESERVE
BRARY
UNIVERSITY OF
CALIFORNIA

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:32 GMT / [https://hdl.handle.net/2027/uc1.\\$b7743](https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b7743)
Public Domain in the United States; Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

NASEHAT
KAOETAMAAN LAMPAH

KARANGANANA

R. KOESOEMA DI BRATA.



UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR

KALOEARAN
BALE-POESTAKA

P. DUCRO. UITY.

Exchange from
Balai Pustaka

BALE POESTAKA ngaloearkeun saréng ngadjoeal boekoe-boekoe anoe ditoeliskeun di handap ieu. Saha saha anoe bade ngagaleuh, artosna kédah dikintoenkeun ti pajoen koe postwissel.

Ngaranna boekoe	Ngaranna noe ngarang	Har- gana.
oe koe batjaan roepa-roepa kaolahan	Nji Mas Djam'ah	f 0.30
Damar woelan (wawatjan)	M. Sastradiredja	„ 0.70
Dik Trom	C. J. Kieviet	„ 0.22
Djalan pangoepadjiwa (wawatjan)	R. Danoemihardja	„ 0.09
Dongeng-dongeng Soenda I	M. Saleh djeung Ardiwinata	„ 0.15
Idem II	Ardiwinata	„ 0.35
Dongeng-dongeng toeladan (wawatjan)	R. Prawirakoesoema	„ 0.07
Elmoe kabeungharan	D. K. Ardiwinata	„ 0.08
Elmoening tani (wawatjan)	R. Djajadiredja	„ 0.05
Génëpbëlas tjarita	Mangoendikaria	„ 0.16
Hal mëlak djeung ngokola- keun roepa-roepa pëpëla- kan I (Boekoe)	M. Setjaadipoetra	„ 0.08
Kahardjaan nagara	M. Natawisastro djeung M. Padmadinata	„ 0.15
Kasakit awewe	Dr. Snoeck Henkemans	„ 0.02
Kasakit pest di Poelo Djawa djeung pikeun panolakna	Dr. O. L. E. de Raadt	„ 0.03
Koelak tjanggeum	R. Poerawinata	„ 0.08
Lalampahan Daoed bin Oetin (Tjarios)	M. Mangoendikaria	„ 0.16
Lalampahan ka Djawa Të- ngah (Tjarios)	R. Poerawinata	„ 0.14
Lalampahan Michiel Adr. de Ruyter	R. Ardiwinata	„ 0.28
Lalampahan Soedagar Moe- lapar (wawatjan)	Mangoendikaria	„ 0.30
Maharadja Djoesi (tjarios)	R. B. Kartadiredja	„ 0.10
Natasoengkawa (wawatjan tjarios)	R. B. Kartadiredja	„ 0.21
Noenggoel Pinang I	Hector Malot	„ 0.80
Noenggoel Pinang II	Hector Malot	„ 1.70

NASEHAT
KAOETAMAAN LAMPAH

KARANGANANA

R. KOESOEMA DI BRATA.



KALOEARAN
COMMISSIE VOOR
DE VOLKSLECTUUR
1921.

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN.

RDUCRO. UITY.

64015889V

I.

Boeboeka.

Dangdanggoela.

1. Dangdanggoela haliringing kawih, malak-mandar ngadjadi lantaran, matak soeka anoe maos, soegan djadi panoengtoen, kana ieu eusining toelis, woelang kaoetamaan. kana lampah lakoe, ngoerangan adat katoekang, noe teu lajak dipake koe noe kiwari, noeroet robahna djaman.

2. Tapi lain pisan-pisan édir, niat lantjang rek bibisaanan, lelewa tjara noe pande, moegi ditjoekeop ma'loem, rido manah ka anoe noelis, noe nandang kabingbangan, moetoehing koe maksoed, hajang ngabébénér lampah, ka sasama bisi aja noe teu ngarti, lampah kaoetamaan.

3. Reudjeung ieu karangan didangding, djaoeh kana pihadeeunana, soemawon beres pérلente, tindak basa teu poegoeh, tjampoeradoek pasélang-séling, kasar basana djanggal, ngan tatamba woodoe, kana pimaksoedeunana, noe dikarang kadjeun diséboet teu oeni, wantoe lain boedjangga.

4. Ieu boekoe keur pangling-ngeling, keur nasehat hal kaoetamaan, maksoed mitjeun lampah goreng, noe geus ngadjadi toetoer, tara pisan ngadjadi pikir, rasa taja matakna, padahal pérلloe, milih lampah noe oetama, gède leutik noe mangpa'at kana diri, malar manggih rahardja.

5. Éngeus takdir ti Jang Maha Widi, moenggoeh djalma taja kakoeatan, tjara bangsa hewan gède, sapérلi loempat djaoeh, bédas rosa djaoeh panjakit, tahan koe kahoedjanaan, koe panas nja kitoe, teu matak djadi halangan, kana lampah tégoeh koelit teu djédjérل. teu rea noe dirasa.

6. Manoesa mah teuing koe djédjérل, tapi bisa naloekkeun ka hewan, samalah kapoerba kabeh, koema' noe matak kitoe, geus tetela koe akal boedi, noe djadi pangawasa, lampahing noe hiroep, tapi aja doea roepa, eta akal: akal hade noe kahidji, kadoea akal djahat.

7. Ari eta akal noe kahidji, énja eta lampahing oetama, moenggoeh haloeanana teh, salamét noe ditoedjoe, moelja sénang narik pangasih, ngadjaoehan bahaja, kasoelah kabingoeng, djadi pandjang kaloeloesan, kawarasan teu roengsing pabeulit pikir, koe panggoda kasoelah.

8. Noé kadoea eta akal boedi; énja eta lampah kadjahatan, djéung sakabéh lampah goreng, nganteur moeaskeun napsoe, teu

NASEHAT KAOETAMAAN LAMPAH.

kaharti jen bakal manggih, di laetan bahaja, noe matak kadoe-hoeng, wiiwirang kasangsaraan, njëri ati hese pëta moen rek njingkir, tina hal kasoésahan.

9. Lamoen oerang hënteu ati-ati, teu milampah lakoening oetama, disëboetna djalma goreng, sasatna djadi djaoeh, ka djalaning rahmat Jang Widi, noe djadi pangharëpan, sapapandjang hiroep, sahingga moal kasorang, kaslamëtan kani'matan komo deui, malah djadi balangsak.

10. Sabab tangtoe hajang aja milik, ka sagala rasa kaboengahan, kawoewoeh djeung tiis hate, moen kitoe koedoe soenggoeh, hal djoemaga sehating diri, radjin kana ihtiar, hal sagala elmoe, sarëgëp kana oesaha, djeung satia ka lakoening soetji ati, sabar djeung tawëkalna.

11. Nadjan aja omongan geus galib, noe ngadjadi toedjoean tekadna, kieu pokpokanana teh, koema' takdir Jang Agoeng, krana eta ënggeus dipasti, katangtoean toelisna, ënggeus ti Loh mahpoed, kitoena mah bënë'r pisan, nasib oerang goemantoengna dina takdir, teu matak salah basa.

12. Tapi oelah rek salah mangarti, boga sangka teu koedoe ihtiar, masrahkeun ka takdir bae, teu hade lamoen kitoe, moen ihtiar teu atjan sisip, krana di sagala hal, mawa sabab tangtoe, malah dina dalil Koerän, tjek noe arip sagala anoe ngadjadi, koedoe djeung aja sabab.

13. Nadjan dina koedrat Allah pasti, moenggoeh koe noe loehoer elmoena mah, beunang ditërangkeun kabeh, sagala geus ditangtoe, përdjalanan kabeh kaharti, kanjahoan sababna, lampah kabeh woodjoed, soemawon lampah manoesa, hade-goreng ënggeus katara katjiri, pibaloeakareunana.

14. Ajeuna mah hajoe pada eling, oerang pada ngabëbënë'r lampah, noeroet nasehat noe hade, kaoetamaan lakoe, keur pamoela-saraan diri, oetama sarerea, pada daek noeroet, krana panjëgah baha-ja, sarta ngadeukeutkeun kalakoean soetji, tëmahan meunangrahmat.

15. Tapi oerang oelah sisip pikir, koedoe pisan mërëloekeun heula, ka noe djadi babakoe teh, djoemaga mangka estoe, ka lantaran datang panjakit, krana hal kawarasan, noe djadi loeloegoe, djadi modal noe oetama, krana oerang lamoen hënteu waras diri, toena samar nja lampah.

II.

Hal baranghakan.

Asmarandana.

16. Pasal kahidji mimiti, hal bagbagan baranghakan, noe rek dipitoetoerkeun teh, soepaja teu lalawora, ka djalan kasehatan, baranghakan reudjeung nginoem, oelah koerang kabërsihan.

17. Olah masak kitoe deui, koedoe apik kalakoean, oelah rek djorok-tjorobok, tjara noe geus kalampahan, djadi kangeungeunahan, tina sabab enggeus toetoer, disangka taja matakna.

18. Padahal lamoen teu apik, matak ngadjadi lantaran, kana datang panjakit teh, komo moen di dasar badan, keur koerang kakoeatan, eta geus beunang ditangtoe, kana pibajaeunana.

19. Kadoeana kitoe deui, moen dipake koe noe dagang, noe sok gagabah kalotor, moen ditoekang roeroedjakan, atawa kaha-kanan, djeung sagala noe geus oemoem, noe diparake dagangan.

20. Djaba ti matak ngadjadi, nimboelkeun panjakit tea, eta aja deui bae, anoe djadi patjatjadah, kana eta dagangan, sabab moal gantjang lakoe, lantaran koerang bërseka.

21. Eta oelah teu dipikir, lampah kotor kadjorokan, gagal lamoen ngantép maneh, toer ngadatangkeun oepatan, diséboet goreng adat, moen milakoe tjara kitoe, estoe teu boga drigama.

22. Katiloena poegoeh deui, lamoen dina waktoe aja, sasalad kolera gëde, nagri sok njieun bewara, ngoendangkeun parentahna, oelah baranghakan nginoem, anoe koerang bërésihna.

23. Sabënërna koedoe ngarti, kana parentah nagara, lain waktoe eta bae, nja noeroet kana prentahna, koedoe salalawasna, oetamana koedoe kitoe, soepaja pada slamëtna.

24. Djeung sok aja anoe nampik, teu noeroet kana parentah, ka noe koedoe ditjégah teh, saperti noe teu pèrtjaja, kana sagala sarat, eta noe saroepa kitoe, estoening salah tarima.

25. Poma oelah koerang harti, basangkal ngalelewaan, rehna pèrkara bënèr teh, teu beunang koe digagampang, noeroet rasa sorangan, koedoe timbangan pangagoeng, djeung timbangan paragëman.

26. Ingëtkeun waktoe gëgëring, kolera di Bandoeng tea, di tahoen noe geus kalakon, sreboe slapan ratoes slapan, di dinja kadjadian, oerang bengkel njieun roesoeh, tépi ka maehan oepas.

27. Nja meunang hoekoeman adil, kalampah pada diboeang, kitoe kadjadianna teh, anoe matak oelah baha, kana prentah nagara, koedoe noeroet noe saestoe, soepaja pada slamëtna.

28. Kaopatna aja deui, noe sok ngadjadi bahaja, oepama dodolo rëwog, branghakan teu djeung oeroesan, ditakër, saseubeuhna, kana sakoer noe kaséboet, aja pimatakeunana.

29. Saperti noe geus katoengtik, loangna geus kalampahan, nja eta bangsaning pakel, atawa haseum-haseuman, djeung tiis-tiis tea, bonteng samangka djeung manggoe, reudjeung salian ti eta.

30. Eta oelah beuki teuing, tapi koedoe kira-kira, komo moen hawa keur goreng, oelah pisan lalawora, djengkol djeung bangsa soepa, oelah arek katalandjoer, ngandëlkeun kana mokaha.

31. Ieu ge teu hade deui, noe sok ngandëlkeun mokaha, kana naon-naon bae, malah didjieun babasan, pepeling noe baheula, noe bidjil ti saoe sèpoeh, mokaha paraning baja.

III.

Hal kabërsekaan badan.

Midjil.

32. Pasal doea katjarita deui, moenggoehing papakon, kabërsekan badan koedoe hade, sore isoek sing daek mandi, lakoening bërësih, sing datang ka matoeh.

33. Waras badan eta noe dipambrih, sègër ngeunah ongkoh, mawa sènanng kalakoean oge, djeung teu djadi kakoesoet diri, woewoeh djadi tartib, ka sagala lakoe.

34. Sirah oge koedoe pada bërsih, oelah sok kalotor, loba daki soemawon totombe, sabab sasat bibit panjakit, tina hawa bërsih, djalanna katoetoep.

35. Tina eta tangtoe pada ngarti, loba noe ngalakon, ngarasakeun arateul rieht teh, toer bareurat mawa ka diri, ngadjadikeun poesing, kana lampah lakoe.

36. Leuwih pisan lamoen tambah deui, sambahiang ongkoh, lima waktoe djadi leuwih hade, lima kali beurang djeung peuting, koedoe bërësih, lamoen batal woeloe.

37. Kawoewoehan sabab koedoe soetji, njëgah lampah serong, djeung lampah kama'siatan oge, toer di bangsa oerang mah wadjib, oelah pisan lali, woeroek Nabi Rasool.

38. Tapi koedoe pada ingët deui, oelah katololoh, ngalampahkeunana koedoe hade, oelah njangkoet parentah nagri, djalalan dinës pasti, oelah rek kanggoeh.

IV.

Hal kabërsekaan papakean.

39. Pasal tiloe ajeuna kaoeni, oelah rek paroho, kana papakean koedoe titen, kadjeun boeroek tapi sing bërsih, malah djeung diistriik, moen ninggang noe mampoe.

40. Mambrih pantës djeung teu matak djidji, koe noe pada nendjo, tapi moenggoeh kapërloeanna teh, lain sabab soepaja ginding, ngan njëgah panjakit, bangsa radang boedoeg.

41. Krana eta datangna panjakit, lantaran ti kotor, di djalma anoe koerang toelaten, kana eta siga teu ngarti, koeman noe ti tjai, di darat maratoeh.

42. Dina papakean teu bërësih, koeman bëtah manggon, ti dinja mah toeloj tepa bae, noengtoet asoep ka djëro koelit, asal ti saeutik, djëngkar djadi boedoeg.

43. Soemawonna moen ka boedak leutik, rasanan sing gëtol, koedoe ngadaek-daekeun maneh, sabisa-bisa koedoe radjin, kabërsekan diri, koedoe soenggoeh-soenggoeh.

44. Krana moen di bangsa oerang sisi, Soenda Djawa ongkoh, pantës pisan di boedak leutik teh, pinoeh boedoeg hēnteu ditolih, ngadjadikeun bibit, tepana ka batoer.

45. Kadoeana poma ati-ati, oelah rek barongoh, hēnteu pērloe sok make rarangken, emas perak moen di noe soegih, krana sok ngadjadi, lantaran pakewoeh.

46. Enja eta noe geus pada boekti, loba noe ngalakon, noe dipake koe eta boedak teh, kadjadian sēring dipaling, koe rentjang pribadi, anoe toeloj kaboer.

47. Djaba eta ēnggeus aja deui, anoe leuwih moho, ka noe djadi eta rarangken teh, ngarangsadan taja kawatir, eta boedak leutik, disoentroeng ka soemoer.

48. Di Soerabaja ge aja deui, djalma ngaran Tjokro, noe maehan ka hidji boedak teh, ngarangsadan djeung tega ati, tapi teu kamilik, anggoer meunang hoekoem.

49. Lamoen kitoe djadi matak risi, hēnteu kaop bongoh, ngadeukeutkeun bahajana bae, anggoer tjara Sinjoh djeung noni, pantës sarta bērsih. kaslamētan loeloes.

50. Tapi lain koedoe siga noni, ngan noe djadi tjonto, kana atoeranana pērlente, sarta njēgah djalan balai, djeung kana panjakit, djadi tambah djaoeh.

51. Toer ngelehkeun ka rarangken tadi, dinar ēmas objor, noe sapira djadi sindir bae, teu paedah soetji ka diri, malah djadi tjiri, nembongkeun takaboer.

52. Tiloe pērkarā nja kitoe deui, oepama di kolot, papakean koedoe nimbang maneh, noe meudjeuhna ka harkat diri, keur naon noe mambrih, sok paaloes-aloes.

53. Nadjan aloes hēnteu aja hasil, malah matak repot, nga-woewoehan gēde hoetang bae, djaba moen katjoekoe koe ridjki, teu halangan deui, lamoen djadi loeloes.

54. Oetama pisan moen niroe deui, adat noe geus parok, bangsa Eropa noe leuwih hade, loehoer handap kabeh patitis, teu pasēlang-sēling, panganggonā daroes.

55. Ajeuna arek malikan deui, lakoening noe kotor, nadjan dina waktōe lakoe gawe, moen katimbang koedoe bērsih, oelah matak djidji, moen tjampoer djeung batoer.

56. Soemawonna moen pagilinggisik, djeung menak mah komo, toean-toean njonja-njonja oge, mindēng tjampoer di kreta api, koedoe lakoe bērsih, klawan sopan santoen.

57. Geura tilik atoeran noe apik, tangtōe pada njaho, boedjang toean di kapal di losmen, moen rek djaga dahar disalin, make noe bērsih, eta geus ditangtōe.

58. Para toean-toean njonja pasti, teu rēsēpeun nendjo, soemawonna moen dideukeutan teh, koe noe make koerang bērsih, ganti tēmbang midjil, sinom djadi lagoe.

V.

Hal kabërsekaan roemah-tangga.

Sinom.

59. Pasal opat katjarita, toedjoening maksoed noe noelis. roemawating roemah-tangga, oelah teu djeung apik radjin, sarta koedoe taliti, soepaja teu oewat-awoet, sakadar djeung atoeran. nembongkeun pandangan rasmi, toer kasëboet lampahing kaoetamaan.

60. Nomër hidji oelah pisan, këbloek sasapoe bëbrësih, boga adat sok antëpan, kana sisi-sisi bilik, roentah noe geus ngalilip, tambah pinoeh koe këkëboel, njarotjok dina tjonggang, tara pisan dipidoeli, lamoen kitoe panjakit gampang djadina.

61. Soemawon noe boga adat, kana boetjak-bëtjek tjai, tambah loba tai hajam, tara dipitjeun sing bërsih, tina baseuhna tjai, lila-lila djadi baœe, aambeuan teu ngeunah, ngadatangkeun sato leutik, loba laleur beurit ge tangtoe daratang.

62. Reudjeung sok aja tjarita, ti doktor anœe geus arip, eta laleur bisa mawa, nepakeun bibit panjakit, asal ti djalma gëring. noe anggang imahna djaoeh, noe ngadjadikeun noelar, nimboelkeun loba gëgëring, anœe matak oerang koedoe pada jatna.

63. Soemawonna beurit tea, eta djadi përlœe deui, beunangkeun sabisa-bisa, soepaja teu djadi bibit, loba anakna deui, sabab sato djahat estœe, sarta loba koetoena, sarœpa djeung koetoe andjing. eta tangtoe matak koerang kaamanan.

64. Koedoe radjin ngakal-ngakal, koe sënteg awi djeung beusi. sënteg kawat roëpa-roëpa, noe aja ngan kari meuli, djeung aja akal deui, koe warangan noe ditipoeng, teu sabraha lobana, kira rëga tilœe doeit, ditjampoerkeun kana piparabeunana.

65. Tina eta përlœe pisan, oerang narekahan deui, ari moenggoeh tarekahna, taja lian ngan bërësih, soepaja hënteu koengsi. sato noe lëmboet njaroesoed, daratang ngadon bëtah, djadi bibiting panjakit, moen bërseka oerang ge sok asa ngeunah.

66. Nomër doe lamoen boga, banda roëpa medja korsi, atawa sedjen-sedjenna, sarœpaning sipat kai, noe ënggeus djadi galib. kana përhiasan oemoem, neundeunna djeung atoeran, pasang-patoetna sing rapih, malah-mandar ngadjadikeun kasënangan.

67. Tapi lain koedoe loba, lamoen tjoekoep koe saeutik, karana di bangsa oerang, teu bisa miara radjin, bakoe pinoeh koe daki, ramat lantjah djeung pëlëdoeg, tina koerang piara, nadjan di djalma noe mahi, tina sabab boga watëk malës tea.

68. Parabot pangeusi imah, babandaan noe geus galib, nadjan teu sabra' hargana, tapi rawatna sing radjin, mambrih teu njieun roegi, roeksak koe koerang pangeroes, toer djadi pangadjaran, moenggoehing ka anak rabi, mambrih toeman kana lakoe kahi-matan.

69. Nomër tiloe katjarita, di loear imah di pipir, di kolong karoeahan pisan, oelah rek koerang taliti, sing radjin oelak-ilik, mana noe patoet disapoe, saminggoe sakali mah, oelah sok antëpan teuing, dihontalan koe sapoe njere sing setra.

70. Oelah milakoe awoentah, balatak teu poegoeh oeni, lamoen boga teuteundeunan, koedoe beres mangka raph, oelah sok djadi hidji, djeung bilik imah patoempoek, bisi djadi papajan, rinjoeh nëpa kana bilik, lamoen imah roeksak djadi kasoeshan.

71. Kaopatna di boeroean, pakarangan kitoe deui, oelah koerang karadjanan, bisi aja lombang tjai, anoe teu ara palid, akalan soepaja toeoes, oelah djadi lalahan, sato lëmboet bangsa reungit, krana bisa ngadjadi bibit moeriang.

72. Komo moen bala djoekoetan, koedoe dikored sing lingih, oelah sok kangeungeunahan, dibasaan hënteu ari, moen aja prentah nagri, ngored sok ngadadak riboet, nadjan keur aja lampah, kapërloeian teu ditoli, énggeus tangtoe ditoenda djeung ngarasoela.

73. Djeung deui moen lalingih mah, moal rek aja karisi, koe sagala sato djahat, oraj wëlang reudjeung langgir, djeung salianna deui, di ajana ge geus tangtoe, awas mo' djadi samar, leumpang di waktoe geus boerit, sarta djadi matak bëtah rarasaan.

VI.

Hal piaraan ingon-ingon.

74. Pasal kalima kakotjap, noe rek ditjatoerkeun deui, roemawating piaraan, koeda sapi reudjeung moending, djeung salianna deui, bakoena sing gëten ngoeroes, dina hakan-hakanna, oelah pisan koerang radjin, mambrih lintoeah tambah kawarasanana.

75. Doea pamoelasarana, koedoe nanja ka noe ahli, nja eta loloh-lolohna, sarta salianna deui, anoe djadi paranti, noeroet ka noe énggeus oemoem, moen koeda mambrih rosa, moen sapi tambah pangasil, énja eta tambah djoeoeh tjisoesoena.

76. Noe bakoe sok dimandian, diroskam diangan deui, toeroet koema' biasana, mambrih ngeunaheun toer hasil, koe lantaran goemati, énggeus tangtoe tambah oentoeng, nja eta naek rëga, atawa dërës moen bibit, domba ëmbe noe sok tereh pisan djëngkar.

77. Katiloe gëdoganana, djeung kandangna sapi moending, sarta salian-lianna, koedoe rada milih-milih, oelah rek deukeut teuing, ka imah komo moen tëpoeng, sabab anoe didjaga, bisi ngadjadikeun bibit, koe lantaran koerang sehat ka manoesa.

78. Sarta koedoe djeung atoeran, soepaja djadi bërësih, oepama dina kotorna, koedoe rasanan sing radjin, soepaja teu ngadjadi, boeraran hënteu poegoeh, koedoe tangtoe énggonna, noe disadiakeun tadi, noe dipambrih ngadjadikeun kawarasan.

79. Djeung deui eta taina, hade piara sing radjin, sabab aja pasanggoepna, nadjan mahloek sipat nadjis, tapi énggeus kabagi, eta anoe énggeus tangtoe, kana djaman makamna, hartina énggon noe pasti, djeung waktoena dina kagoenaanana.

80. Lamoen badan katetaan, sanadjan ngan koe saeutik, tangtoena 'geuwat dikoembah, sabab boga rasa djidji, tapi énggeus kaboekti, moen dipake poepoek-gëmoek, mëlak terong djeung katjang, sarta salianna deui, ngadatangkeun pangasilan gëde pisan.

81. Kaopatna katjarita, moen koeda dipake narik, kahar atawa gorobag, moenggoehing noe djadi koesir, oelah sok lakoe bëngis, koedoe sabar ati loeloes, bisi matak tjilaka, tina sok koerang goemati, sabab mindëng anoe énggeus kadjadian.

82. Djeung lamoen koeda geus pajah mopo teu kadoega narik, koesir teh teu taha-taha, gagang tjamboekna dibalik, neunggeul hoeloe teu inggis, koeda teh kalampah roeboeh, tapi lain lantaran, nakal atawa djëdjërih, lamoen kitoe djadi ngaroeksak ka koeda.

83. Poma oelah koerang akal, moen mopo di galar-gilir, diasokeun saheulaan, moen estoe teu koeat narik, oelah rek koerang eling, kapan koe nagri dipatjoe; djeung kasëboet biadab, teu pisan ngandoeng pangasih, hënteu asoep kana adat kamanoesan.

84. Oelah dirasa mokaha, njangsara katjida teuing, milampah sawënanng-wënanng, teu adjrih koe Maha Soetji, rasa énggeus kawidi, tapi meunang antjam hoekoem, doenja djeung aheratna, bakal kapanggih pandeuri, poegoeh koedoe sieun koe hoekoem nagara.

85. Krana moen koeda tarikan, geus beunang hasilna pasti, anoe geus mindëng katampa, sapërti mere rëdjëki, koedoe koe-maha deui, oelah njiksa mahloek hiroep, noe teu boga omongan, oekoer ka diri pribadi, kapan pada boga rasa kalaraan.

86. Lima përløe deui pisan, oerang teh koedoe goemati, lamoen aja panjakitna, noe koe oerang teu kaharti, koedoe geuwat poepoeli, ka loerah atawa koewoe, bisi noe sok didjaga, koe parentah doktor arip, ënja eta panjakit anoe sok noelar.

VII.

Hal keuna panjakit.

Kinanti.

87. Pasal gënpë ganti tjatoer, lamoen keuna koe panjakit, oepama arek ihtiar, neangan tamba noe ëring, oelah ka noe sambarangan, koedoe ka djalma noe ahli.

88. Hidji oelah boeroe-boeroe, ka doekoen noe sok giringsing, krana kalobaanana, noe titiron ngarah hasil, moenggoeh noe sabë-nërna mah, tjarang pisan noe kapanggih.

89. Ari oebar-oebar doekoen, tarekahna masing-masing, taja katangtoeanana, noe ngadjodo ka panjakit, hidji-hidjina bagian, kana boektining panjakit.

90. Moenggoeh noe djadi babakoe, dipake tali-paranti, nga-goenakeun djampe tea, minangka pake pamatih, noe matak pada përtjaja, dimashoekeun koe pawarti.

91. Anoe ngagoenakeun doekoen, asal djaman nini aki, reh doktor tjarang katjida, ajana di oenggal nagri, djadi noe marenta tamba, ka doekoen geus djadi galib.

92. Geus tangtoe diboeroe-boeroe, tamba ngantëp ka noe gëring, toengtoengna djadi biasa, tina taja daja deui, ka noe djadi pang-harëpan, narekahan ka noe gëring.

93. Noe ditambaan koe doekoen, moen parëng tjageurna deui, eta tangtoe noe gëringna, bangsa noe tahajoel pasti, noe boga kapërtjajaan, kana aja djoerig sakti.

94. Djeung panjakitna noe tangtoe, datang ti rasaning ati, sapërti njeblak djeung reuwas, sëmbir atawana risi, hariwang goena-rantjana, geus poegoeh sieun koe djoerig.

95. Eta kalakoean kitoe, teu beunang dipake deui, krana di djaman ajeuna, geus mimiti pada ngarti, poegoeh djoerig teh teu aja, moen teu didjieun koe ati.

96. Padoe lakoe mangka ngestoe, ka sareat anoe boekti, make doedoekoej moen panas, moen hoedjan nja kitoe deui, oelah boëa tekad mang-mang, sieun dëdëmit djeung djoerig.

97. Nomër doea kapitoetoer, moenggoehr nambaan noe gëring, lamoen teu aja halangan, anoe njoesahkeun ka diri, koedoe ka doktor nja menta, soepaja hënteu sak deui.

98. Sabab doktor mah geus poegoeh, pangabisana geus djadi, sarta pada kapariksa, dioedji koe prakoemisi, djadi ënggeus ka-njahoean, kapintëranna kasaksi.

99. Noe matak dianggëp përløe, koe pamarentahan nagri, didjieun dihadja-hadja, hënteu ingët ngitoeng roegi, didjieun kapërtjajaan, ngoelik sagala panjakit.

100. Oebar-oebarna geus poegoeh, bagianana geus pasti, laraping hidji-hidjina, ka masing-masing panjakit, geus kasaksi koe sadoenja, jen manpaatna geus sidik.

101. Katiloe deui katjatoer, moen kataradjang panjakit, noe dirasa teu sapira, roepaning letjet saeutik, noe lantaran koe ta-roempah, sapatoe djeung sedjen deui.

102. Eta koedoe boeroe-boeroe, tambaan masingna leungit, sabab mindëng kadjadian, anoe estoe ënggeus boekti, lila-lila ngagëdean, hinga njoesahkeun ka diri.

103. Loba anoe meunang tahoen, lilana eta panjakit, ripoehnë teu kira-kira, tina ngarasakeun njëri, hoemarëgoeng awak roek-sak, ahir samar loeloes diri.

VIII.

Hal kapintĕran.

Asmarandana.

104. Pasal katoedjoeahna deui, pĕrnataning ka pintĕran, noe rek dipitoetoerkeun teh, dipalar noengtoen pikiran, ka oerang pasisian, bisina masih baliloe, atawa salah pahamna.

105. Nomĕr hidji geus katjiri, djalma pada boga bakat, atawa pakĕrtina teh, tatapi moal saroepe, noe djadi tabeatna, hade goreng ĕnggeus tangtoe, noeroet kana wirasatna.

106. Tapi nadjan geus katjiri, eta bakal pangabisa, tapi moen teu sakola teh, moal bisa kadjadian, pintĕr noe sabĕnĕrna, koedoe krana woeroek goeroe, sakola ambih sampoerna.

107. Lamoen sakola geus ngarti, roepa-roepa kapintĕran, noe bakal beunang dipake, kana djalan kahiroepan, dina sagala lampah, moen djaoeh mo' boeroeng tjoendoek, anggang moal boeroeng datang.

108. Moal koerang moen rek milih, pidjalaneun pagawean, paloe djeung diploma bae, lamoen geus boga bahanna, nja eta kapintĕran, anoe ngadjadi loeloegoe, modal kana kalakoean.

109. Oentoengna djaman kiwari, baroedak paheula-heula, asoepe kana sakola teh, kabawa koe ombak djaman, tjaahna kaoem moeda, tangtoe oentoeng anoe loeloes, manggih laoetan kamoeljan.

110. Tapi oelah rek djĕdjĕrih, dina ngalampahanana, moen geus asoepe kana gawe, oelah soengkanan bosĕnan, gagabah lalawora, balangah watĕking ngĕdoel, pasti taja paedahna.

111. Soenggoeh ati djeung tabĕri, rikat gantjang kalakoean, djaoeh ka wĕleh teu tjeeh, tĕmĕn-wĕkĕl djeung sabarna, eta alamat meunang, rahmat noegraha Noe Agoeng, sampoernaning kalakoean.

112. Sanadjan noe taja milik, kana bisa meunang pangkat, tapi oentoeng keneh bae, krana eta kapintĕran. mo' aja katam pikna, kana dagang tani madjoe, djeung ka sagala oesaha.

113. Reudjeung kapintĕran tadi, beunang ti sakola tea, noe djadi pangoentjoelna teh, tangtoe tina bakat tea, tapi moal saroepe, sapĕrti aja noe madjoe, pintĕr kana basa-basa.

114. Aja kana elmoe boemi, noe kana itoeng-itoengan, djeung kana pĕrkara sedjen, geus tangtoe dina lampahna, noe djadi karĕsĕpna, moal beda noeroet kitoe, dina kamadjoeanana.

115. Lamoen bisa palah-palih, asoepe ka pagawean, koedoe manggih noe ngadjodo, ninggang pakĕrtina tea, djadi leuwih oetama, tangtoe bisa gantjang moeroe, ngasilkeun pangabisana.

116. Nomĕr doe kitoe deui, lamoen noe taja milikna, asoepe kana sakola teh, oelah rek bosĕn ihtiar, koedoe leukeun tatanja niroe kalakoean batoer, dina kapintĕranana.

117. Naon bae noe kapanggih, koedoe dihartikeun pisan, rëgëpkeun di djëro hate, malar boga pangabisa, ka roepaning dangdanan, djeung kapintëraning lakoe, kana sagala oeraha.

118. Reudjeung noe kasëboet tadi, hal tjaahna kaoem moeda, moenggoeh noe sabënërna teh, ënja eta kamadjoean, bisa nimboelkeun akal, sarikat sakola madjoe, poegoeuh moen përniagaan.

119. Katiloe adat diganti, galagatna kaoem moeda, sarta djeung përkara pake, djeung sagala tatakrama, sëdëng paadoe ombak, lir aroesna laet kidoel, tingdjalëgoer handaroean.

120. Tapi oelah salah harti, eta basa kamadjoean, lain koedoe make bae, tjalana sasapatoean, noeroetan noe geus lajak, atawa-boga pangaroeh, harkat tina kamampoean.

121. Djeung noe kadar boga gadjih, anoe boga rasa dangan, baris ngajakeun pake teh, tapi di noe hënteu boga, oelah rek bariangan, pipiloeun gapak-goepoek, poho di kateubogaan.

122. Kaoem moeda noe sadjati, maksoed ngoenggahkeun daradjat, soepaja oelah kateler, tinggaleun koe sedjen bangsa, noe geus kasëboet moelja, napak dina tangga loehoer, beres lampahna oetama.

123. Pakean teu djadi boekti, narik kana kapandean, ngan baris pamantës bae, lain poko anoe ënja, djeung oelah salah paham, toeloej bae gantjang oedjoeb, ngantjik dina kamadjoean.

124. Eling-eling mangka eling, oelah kasasar nja paham, gëde hate lamoen pande, poho ka lampah oetama, takëran kahiroepan, oelah kabaoed koe napsoe, djadi langgang pamakanan.

125. Bisi aja noe teu ngarti, basa langgang pamakanan, nja noe gëde teuing hate, lir noe teu boga oeroesan, koe tina ngagampang, rëdjëki poegoeuh teu tjoekoe, ari lampah rorojalan.

126. Nadjan bisa ngoekir langit, tjek omongan paribasa sasat bodo keneh bae, moen koerang bisa larapna, mëtakeun rëdjëkina, tangtoe koesoet maroengkawoet, matak mëgat kasënangan.

IX.

Hal laki-rabi.

Magatroe.

127. Ganti deui pasal dalapan katjatoer, përkara noe laki-rabi, kasëboet geus djadi oemoem, sok ngagampang nolak istri, tjarang anoe awet djodo.

128. Nomër hidji sababna teu djadi koekoeh, ti sabeulah si lalaki, boga pangrasa takaboer, sakawënanang-wënanang teuing, bongbong kasëboetna djago.

129. Oetamaning noe laki-rabi sing pëngkoeh, dianggëp anoe sajakti, sarikat noe leuwih tëgoeh, oelah rek satëngah ati, tjara noe teu pati bogoh.

130. Kadoeana hěnteu boga, sopan- santoen, teu milampah sipat adil, atas ka sasama hiroép, teu ngaraskeun njëri ati, padoe napsoe sing ngalakon.

131. Katiloena boga dasar sok ngaroedjoe, reudjeung nolak tiloe kali, sanadjan geus djadi oemoem, koe agama geus kawidi, tapi oelah sok tolojoh.

132. Kaopatna aja adat masih noeroet, kana djaman nini-aki, noe geus galoer ti kapoengkoer, nadjan boedak masih leutik, dikawinkeun sing ngadjodo.

133. Basana teh meungpeung aing masih hiroep, hajang ka-deuleu noe jakin, laki- rabina sing poegoeh, teu aja pikiran deui, djadi bibit koerang kolot.

134. Kalimana moen boedak noe boga doeloer, lamoen adina rek kawin, parěng dipenta koe batoer, tapi lantjeukna tjan káwin, eta tangtoe djadi bongkor.

135. Toeloej bae eta adat boeroe-boeroe, ngadadak neangan deui, kawinkeuneun tamba woedoe, mërloekeun lantjeukna misti, diheulakeun tamba bongkor.

136. Disěboetna karoenghal eta noe kitoe, moen teu diheulakeun kawin, eleh daradjatna tangtoe, djeung matak malaweung deui, moenggoeh di doeloer noe kolot.

137. Eta kitoe adat galoer ti karoehoen, kasěboet teu daek leungit, ajeuna masih ditoeroet, moen teu kitoe teh pamali, tjeik omongna kaoem kolot.

138. Tangtoe bae eta adat lamoen kitoe, paingan matak ngadjadi, ngamoemoerah talak tiloe, sapěrti paksaan kawin, lain lantaran ti bogoh.

139. Adat djaman baheula saroepa kitoe, siga hěnteu djadi pikir, prihal kamadjoean hiroep, pangoepe-djiwana deui, beunang koe lampah noe bodo.

140. Hěnteu koedee djeung kapintěraning lakoe, tina loba leuweung kai, tanah hakoe 'llah nja kitoe, noe gampang dipalah-pilih, baris ngakoena djeung ngěbon.

141. Loba deui sapěrti bangsaning laoe, ti darat reudjeung ti tjai, teu matak njoesahkeun hiroep, loba ngaloeuarkeun hasil, noe beunang diboro-boro.

142. Krana djalma di djaman eta mah tangtoe, itoenganana saeutik, tinimbang reudjeung di waktoe, ajeuna anoe geus boekti, roepěk sasat taja lowong.

143. Geus ditakdir djaman ajeuna mah poegoeh, teu beunang koe noe mėlěntjing, ihtiar kipajah hiroep, soesah neangan rědjěki, dalegdog sieun teu ngedjo.

144. Lamoen ninggang boedak noe geus kawin tangtoe, pěrloe neangan rědjěki, tapi geus ngarasa ridoe, lantaran geus laki-rabi, noe ngadjadikeun karepot.

145. Soesah mikir lantaran kapaksa ngoeroes, sagalib noe laki-rabi, lila-lila djadi bingoeng, mogok pikir madjoe lali, toengtoengna mondokeun djodo.

146. Kagěņpna aja deui adat boehoen, lampahing noe laki-rabi, pamadjikanana pěrloe, lakoe hormat ka salaki, lalaki teh tambah sombong.

147. Si awewe daja-oepajana tangtoe, kahalang-halang salaki, polahna ngadjadi kakoe, toengtoengna masrahkeun nasib, pikirna geus mangsabodo.

148. Lamoen ninggang lěbah noe sětia toehoe, tapi di noe malawading, ĕnggeus tangtoe moal loeloes, tjektjok pasalia pikir, gantjang bae motong djodo.

149. Katoedjoeħna aja deui adat njandoeng, sanadjan kalawan idin, hoekoem agama noe tangtoe, moen teu njoekoepan samisti, hakan-pakena mah montong.

150. Reudjeung deui hoekoem agama mah tangtoe, noedjoe-kaslamětan soetji, hěnteu sambarangan lakoe, lain djangdji sok moen kawin, noe sok djadi adoebetjok.

151. Eta kitoe kabeh adat djaman boehoen, teu beunang ditoeroet deui, djaman ajeuna teu soeroep, pilihan anoe oetami, toeroet woeroek noe waspaos.

152. Oentoeng bae ajeuna ĕnggoes diatoer, karsana parentah nagri, awewe noe koerang oemoer, hěnteu meunang idin kawin, moen tatjan něpi ka tempo.

153. Tina watěs oemoer gěņpwělas tahoen, kadjeun moen leuwih saeutik, tangtoe nja djadi pikoekoeh, djatnikaning laki-rabi, estoe ngadjadi papakon.

154. Kadalapan kaetamaan noe estoe, pěrnataning laki-rabi, soepaja loeloes rahajoe, lampahing ewe salaki, boengah soesah sing sagolong.

155. Malah pěrloe sapěrti noe silihdjoengdjoeng, hade basa boedi manis, salakoe loeloes mitoeħoe, sapapait- samamanis, oelah salingkoeh djeung bohong.

156. Di awewe koedoe njěgah tingkah lakoe, noe matak běntji salaki, oelat haseum goreng sěmoe, sindir- sampir miringkiwit, panasaran moen teu tjektjok,

157. Oelah ngahoetangan kagorengan lakoe, noe matak běntji salaki, kasimpěn didjěro kalboe, matak djaoeh ka pangasih, tangtoe djadi koerang tanggoh.

158. Komo deui moen lakoe matak timboeroe, eta noe tereħ katjiri, ngatarakeun ati kiroeh, djaoeh kana ati soetji, matak kalakon ditjabok.

159. Saběņěrna koedoe silihtjoekoep ma'loem, di kasalahan saeutik, krana moenggoehing noe hiroep, taja noe sirna běrěsiħ, ti kaloeloepoetan jaktos.

X.

Hal lakoe lampah. Dangdanggoela.

160. Pasal slapan ajeuna diwintjik, sapandjanging dina lakoe lampah, noe rek dipitoetoerkeun teh, moega djadi pikoekoeh, kana djalan lakoening soetji, njégah kama'siatan, klawan soenggoeh soenggoeh, sarta adat noe teu lajak, teu manpaat mënérkeun boedi-pakérti, kana kaoetamaan.

161. Hidji ari oemoer teh geus pasti, kapotongan henteu pégat-pégat, ti sapoë ka sapoë, tapi tjarang noe ngitoeng, karoegianana ka diri, tonggoj kangeungeunahan, sok mitjeunan waktöe, teu dipake kapërloean, kana lampah ngoepaja noe aja hasil, meungpeung djagdjang waringkas.

162. Kadoeana koedoe njaah deui, kana lampah anoe geus ka toekang, noe geus liwat ti bareto, moen katoempangan lakoe, kasalahan nadjan saeutik, geuning tjek paribasa, halodo satahoen, lantis koe sakali hoedjan, eta basa noe énggeus ngadjadi misil, përloe djadi ingétan.

163. Katiloena poma pada eling, sing oemanggép kana piwoeroek-na, peuseunna kolot-kolot teh, oelah sok teu ngagoegoe, sabab moenggoeh kolot, pribadi, moestail kana sasab, ngawoeroek teu poegoeh, krana sabodo-bodona, moen kolot mah tapi geus loba pamanggih, loeang ka toekang-toekang.

164. Sarta wadjib sing sëtia ati, ka papatah eta indoeng-bapa, toetoerkeun kahajangna teh, oedjoebkeun ka panaoer, hese-tjape waktöe keur leutik, oeroetna popohoa, toer ripoeuh djeung toendoeh, kotor djéblog dilampahan, teu halangan. geus poegoeh lamoen keur tjeurik, noenda sagala lampah.

165. Tapi naha tjarang noe kapanggih, moenggoeh djalma noe lakoe sëtia, malah sok njieun ka djengkel, sapérti teu rek noeroet, ka papatah kolot pribadi, siga noe teu përtjaja, teu përloe nga-goegoe, kakara arek përtjaja, di ahirna moen tjilakana kapanggih, karasa kadoehoengna.

166. Tinggal mikir samingkin kapikir, moen dirasa sangsaja karasa, kari tjeurik ati bae, lamoen geus katalandjoer, moal bisa leungitna deui, ngan soesah anoe aja, geus poegoeh moen bingoeng, indoeng-bapa teu kawasa, nadjan bisa katoeloeng 'mo poelih deui, moen ditioeng geus hoedjan.

167. Opat oelah tjidra kana djanggi, saopama boga pasanggoepan, ngindjeumkeun boh sangoep mere, majar hoetang pon kitoe, naon bae noe geus didjanggi, lamoen aja halangan, noe katimbang përloe, koedoe geuwat ngabedjaan, oelah këmba soepaja henteu ngadjadi, koerang kaoetamaan.

168. Kalimana lamoen aja pikir, niat ngandjang koedoe kira-kira, milihan waktöe noe hade, oelah ninggang di waktöe, koerang

senang sabab teu ari, noe bakal diandjangan, noe kakara djéboel, tina pagaweanana, soemawonna lamoen ka bangsa prijaji, pagawe pakantoran.

169. Saoepama di noe geus kataksir, lélésonna tina pagawean, dina waktos dahar sare, eta oelah kaganggoe, sabab matak teu senang ati, sanadjan soeka nampa, tapi henteu poegoeh, koerang kaboenganana, kadjaba ti moen kapérloean noe pasti, noe teu beunang di-toenda.

170. Kagénépna katjarita deui, lamoen datang ka noe diandjangan, oelah toeloj asoep bae, tatapi koedoe toenggoe, same-mehna oerang papanggih, djeung anoe boga imah, anoe bakal ngakoe, lamoen geus aja manggihan, djeung narima teu aja halangan deui, djadi kaoetamaan.

171. Tapi koedoe boga témahwadi, oelah njieun tingkah teu oetama, sok aja noe koerang hade, teu djeung adat noe patoet, nadjan ninggang bangsa prijaji, moen njampak soerat-soerat, lir moen boekoe-boekoe, dibatjaan taja tata, oepamana noe aja di témpat toelis, djadi awoet-awoetan.

172. Komo lamoen ninggang oerang sisi, moal pisan aja tatakrama, kana pérkara kitoe teh, noe matak dipitoetoer, reh soepaja sing pada ngarti, kalakoean oetama, adat sopan-santoen, noeroetan bangsa Eropa, lamoen aja niatna noe rek ditilik, teu tinggal pémisina.

173. Katoedjoehna katjarita deui, adat oerang noe pérloe ditjégah, sabab katimbang teu hade, nja eta noe tjoemidoeh, nadjan énggeus kaitoeng galib, moenggoeh di adat oerang, anoe geus kaséboet, dianggép koerang oetama eta adat koe lakoening tatakrama, noe make kasopanan.

174. Sabab djadi kanjataan pasti, koerang pantès kana paman-dangan, djeung kasoep sindir kadjéleh, kana énggoning dieok, tambah-tambah jen aja deui, doktor anoe njarita, moen noe toetoer njidoeh. loba teuing kaloearna, di ahirna moen geus tambah oemoer deui, batoek gantjang djadina.

175. Ari moenggoeh njégahna babari, sok moen daek kana mitoemanan, dina waktos sapopoé, moen énggeus toeman tangtoe, moal aja kaloear deui, tjara bangsa Eropa, noe geus djadi toetoer, sarta moal matak soesah, moen keur njemah di énggon noe barérésih. di imah pangandjangan.

176. Dina boelan Poeasa geus galib, énggeus loembrah adat sararea, loba noe sok njidoeh bae, sabab dianggap pérloe, waktos eta noe geus dipasti, koedoe boga panjégah, sakoer ka noe asoep, atawa kateureuj tea, moen poeasa djadi henteu meunang lali, kana larangan sara.

177. Malah aja lampah anoe gandjil, moen kaloear ti djéro imahna, atawa ka djalang gedé, moen papanggih djeung batoer, lalar-liwat tjara sasari, geuwat njéta poeasa, maksakeun tjoemidoeh, padahal teu pisan-pisan, énjana mah era koe batoer kataksir, disangka teu poeasa.

178. Lamoen kitoe moal pégat ngili, kaloearna pitjidoeheun tea, salawasna ngarěj bae, tinangtoe djadi toetoer, tina sabab teu dipidoeli, ajeuna hade njégah, klawan soenggoeh-soenggoeh, malah-mandar bisa koerang, soekoer pisan lamoen matak djadi leungit, eta leuwih oetama.

179. Kadalapan anoe koerang apik, bakoe pisan, lamoenna keur ngandjang, moen mitjeunan koentoeng roko, korek api pon kitoe, boeloeng-balang ka goegar-gigir, moen taja pakeun wadah, hade sina koempoel, oelah datang ka ngabala, di djro imah poegoeh moen di kreta api, njeun roedjit koe roentah.

180. Poma atoeah lampah sina apik, tingkah lakoe make kaso-panan, soepaja rësěp noe nendjo, moal dipojok batoer, lamoen make tata oetami, tangtoe disangka boga, kasoetjian lakoe, soemawonna kaadaban, krana oerang pěrloe neangan pangasih, ti sasama manoesa.

181. Kasalapan poma masing apik, lamoen ngindjeum saroepa-ning barang, eta mangka hade-hade, lamoen ka banda batoer, koedoe leuwih-leuwih goemati, ti batan noe sorangan, bisi matak lěboer, atawa djadi kotorna, boeroe-boeroe moen énggeus poelang-keun deui, oelah noenggoe diala.

182. Krana loba anoe geus kapanggih, sok antěpan ka barang indjeuman, ngan daek makena bae, barang soemawon boekoe, wawatjan mah sok komo deui, saopama diala, djawabna teu poegoeh, rek diingět-ingět heula, asa-asa aja anoe ngindjeum deui, eta kitoe tembalna.

183. Oentoeng-oentoengna lamoen kapanggih, tapi pinoeh tapak toetoelisan, kotor sarta roedjat-radjet, tambah loba koekoentoeng, ramboe samak dipake tjiri, oeroetna lamoen noenda, dibatja ditoetoep, tah noe kitoe sareatna, sakoemaha pikotoreunana deui, teu pantěs dipilampah.

184. Kasapoeloehna oelah sòk wani, panganggoeran njarkeun omongan, njarita pěrkarah bohong, eta teu hade kitoe, sabab djadi tjangtjala diri, moen aja kapěrloeana, pěrkarah noe estoe, koe batoer mo' dipértjaja, tangtoe matak njoesahkeun diri pribadi, tambah loba noe njampah.

185. Oelah ngira bakal mo' katjiri, tapi pasti moen lila-lila mah, koedoe bae sok katangen, naon noe djadi pěrloe, tjatjarita teu poegoeh oeni, djeung tina sabalikna, moen ngadenge batoer, noc njarita kaanehan, eta oelah sok gantjang pértjaja teuing, moen teu tēpi koe akal.

186. Sapérti noe geus minděng kapanggih, dina waktoe oesoemna kolera, atawa sasadal sedjen, teu lian noe ditjatoer, kadjaba ti pěrkarah djoerig, disěboet noe sok mawa, sasadal noe kitoe, malah sok tembang djinisna, tingdjoeringkang tapi datangna ti peuting, miroepa siga djalma.

187. Malah aja noe leuwih adjaib, hidji djalma anoe tjarita, ngomongkeun noe leuwih aneh, njeboet aja noe ge'loet, djalma wani ka eta djoerig, waktoena keur noenggoean, noe gering di lemboer, eta nepi ka kitoena, tah koemaha naha eta teu kaharti, jen barang pamohalan.

188. Sigana teh teu dipikir deui, lamoen manggih saroe'paning bedja, noe moestail boektina teh, saperti dina waktoe, kadjadian noe di Tjimahi, dina mangsa harita, enggeus aja iboer, loba noe mawa tjarita, tjek omongna aja noe kasanding djoerig, di hidji pilēmboeran.

189. Aja noe ngakoe saperti sakti, lamoen hidji barang geus teu aja, noe dipitjeun ka noe poek, oepama hidji batoe, dibalangeun djeung make tjiri, bisaun deui datang, eta roepa batoe, noe njoba koe doeit pisan, atawa si naon bae noe kapilih, pamenta noe ngalajad.

190. Loba djalma noe ti mana-mendi, noe daratang kana lemboer eta, lalaki reudjeung awewe, ti Bandoeng mah geus poegoeh, toean-toean njonja ge soemping, tina ramening bedja, hingga djadi goejoer, tapi toengtoengna teh gaplah, henteu aja hidji perkara noe boekti, toea anom maroelang.

Sinom.

191. Sawelas moen tjoelik tea, meh timboel di oenggal nagri, mindeng kadjadianana, matak iboer liwat saking, tapi teu aja boekti, ngan woengkoel bedja teu poegoeh, warna tingkah polahna, koe lantaran sieun tjoelik, loba djalma ngendong ninggalkeun imahna.

192. Sawareh njieun omongan, roepa-roepa noe dianggit, nga bohong jen aja boedak, di sae'ng sawah kapanggih, eta boedak dipeuntjit, hoeloena di bawa kaboer, aja deui tjarita, tjoelik mawa boedak leutik, dina karoeng eta boedak dibawana.

193. Eta noe kitoe koemaha, estoening koerang pangarti, malah engus kadjadian, di Bogor di Batoetoelis, anoe geus njangka tjoelik, oerang Djepang noe ditoedoe, nepi ka dipaehan, ahirna dihoekoem adil, keuna boeang sakoer anoe nandang dosa.

194. Oelah lakoe sambewara, sing pada terboeka ati, sae'pama kadjadian, perkara noe kawas tadi, oelah salēmpang ati, kana pangrawat pangagoeng, djoemaga kaslametan, kalawan boedi pangasih, moal kakeurangan pangdjaga nagara.

195. Moestail moen saenjana, aja noe ngaboekti tjoelik, motongan beuheung djelēma, aja kitoe komo teuing, kawadjiban poelisi, lampahna geus tangtoe riboet, ngadjadikeun tangkepān, tjarjakan perkara leutik, Kangdjeng Goepermen katjida hemanna.

NASEHAT KAOETAMAAN LAMPAH.

196. Doeawélas katjarita, moenggoeh adat oerang sisi, lamoen aja samagaha, njeun kaloet liwat saking, salakoe matak poesing, paheula-heula ka lisoeng, ngadadak toetoenggoelan, rioeh sakoe-riling boengking, disarëboet srangenge kawin djeung boelan.

197. Aja deui noe njarita, noe matak boelan rek leungit, eta teh dikokop naga, atawa boeta di langit, soepaja loeloes deui, oerang koedoe boeroe-boeroe, sing rame toetoenggoelan, ambih kadenge ka langit, oelah 'tangka boelan ka sorang gogoda.

198. Ganti omonging djéléma, noe toetoenggoelan teh tjiri, tanda aja samagaha, ka noe djaoeh mere warti, mambrih nendjo ka langit, alamat aja pakewoeh, noe teu njaho hartina, tjara waktos aja lini, di sarëboet bakal djadi gara-gara.

199. Bakalan aja kasoelah, anoe matak giris ati, saperti wabah sasalah, gering atawa patjéklik, djeung sedjen-sedjen deui, sabangsana anoe kitoe, njangka noe teu karoehan, lamoen pada hajang ngarti, koedoe nanja ka noe tamat sakolana.

200. Tilowélas moen koempoelan, biasa adat sasari, oelah rësëp ngaheureujan, ka batoer katjida teuing, noe dikira ngadjadi, eraeunana ka batoer, noe araja di dinja, nadjan siga soeka seuri, tapi ngantjam djro ati koe kagorengan.

201. Noe bakal hese leungitna, lamoen ngandoeng ati soelit, krana moenggoehing manoesa, lamoen boga adat djoelig, teu kira-kira deui, siga moal daek lipoer, mandjang salalawasna, nadjan siga djalma alim, moen geus djahat ngelehkeun binatang boeas.

202. Djeung deui teu hade pisan, milampah hiri djeung dengki, njatjampah ka pada djalma, moen soegih pake koemaki, sanadjan koe noe laip, koedoe lakoe goejoeb akoer, soelah silihtoe-loengan, oelah miring pilih-kasih, sing narima mahloek sarikatna koedrat.

203. Moen aja noe koerang paham, hënteu arek njeun misil, oepa ma noe njeun imah, kapan enggeus djadi boekti, teu bisa koe pribadi, koedoe bae eudjeung batoer, geus poegoeh moen bahanna, koedoe, reudjeung toekang kai, toekang bilik kënteng reudjeung saliana.

204. Dina pangeusi imahna, eta ge nja kitoe deui, lain boeatan sorangan, eta tangtoe pada ngarti, ajeuna aja deui, misil anoe rek disëboet, noelad tina babasan, oepama barang sahidji, koe sareboe eta barang didjieunna.

205. Eta kieu mangartina, oepama sahidji korsi, didjieun make pakakas, rimbas tatah djeung ragadji, beunang saha ragadji, beunang toekang beusi tangtoe, sabaraha batoerna, djeung ti mana eta beusi, djaoehna mah ti kapal api datangna.

206. Eta sabara' batoerna, anoe njeun kapal api, tangtoe bae lobana mah, sareboe ge meureun leuwih, djeung satoeloejna deui, sigana djaoeh ka noengtoeng, ajeuna geus tetela, oelah sok salah pangarti, hiroep oerang tangtoe koedoe djeung noe rea.

207. Oepama aja djéléma, boga harkat sabab soegih, atawa aja pangkatna, eta siga énggeus pasti, koedoe reudjeung noe miskin, noe dititah sangklak-soengkloek, moal daek sorangan, ngala tjai bébérèsih, geus tetela tjampoer toekeur kapérloeon.

208. Djeung boga kabiasaan, moenggoeh di djalma noe laip, noe hese moen ditoeroetan, koe djalma anoe teu ahli, nja eta teu djédjèrih, koe djéblog djeung naek loehoer, tahan moen kahoe-djanan, kapanasan kitoe deui, kalaparan pake rombeng teu halangan.

209. Ka noe papa kasangsara, komo koedoe wélas asih, moen bisa mere toeloengan, reh estoe kakasih Nabi, tilik noe geus kabogkti, Kangdjéng Goepérmen ge soenggoeh, miara roemah boeta, roemah sakit roemah miskin, tah noe kitoe njataning kaoetamaan.

210. Djeung deui saoe pamana, hidji barang noe dipoedji, dipoedji tina aloesna, eta moen dipikir-pikir, asalna noe sadjati, noe matak diséboet aloes, lain koe tina aja, omongan panjéboet moedji, sababna teh aja anoe goreng tea.

211. Ieu koedoe dihartian, noe tadi sakadar misil, sanadjan moenggoeh manoesa, teu beda tjara noe tadi, tetela koe noe laip, kaangkat harkatna loehoer, pantès moen malès trima, moenggoeh ka Jang Maha Soetji, énja koedoe asih ka noe laip tea.

212. Nomér kaopatwélasna, lamoen boga anak leutik, anoe keur sédéng diadjar, ngomong saoe tak-saeutik, oelah dipake oelin, diomongan noe teu patoet, tjara kabiasaan, dipake tjara sasari, sok dimomong koe babasan noe tjawokah.

213. Sapérti indoeng bapana, sok ngomong barina seuri, basana bogoh ka saha, toeloeh eta boedak leutik, njéboet ka ngaran hidji, djalma atawana noendjoek, eta kolot-kolotna, siga résép soeka seuri, tapi eta matak teu hade témahna.

214. Tjitjiptanna eta boedak, noe kabawa ti leuleutik, tangtoe ngadjadi lantaran, lanjarna di djéro ati, saolah-olah bibit, kana bagbaganing latjoer, eukeur mah aja dasar, noe geus oemoem sarta pasti, komo-komo lameon ditambah lantaran.

215. Kitoe deui eta boedak, lamoen diwaktoe keur tjeurik, oelah sok disingsieunan, koe rérkara setan djoerig, eta teu hade deui, ana hees sok roemandjoeg, tangtoe djadi lantaran, deukeutna kana panjakit, tambah-tambah éngkena djadi borangan.

216. Reh kapértjajaanana, kana singsieun noe tadi, 'mo daekeun leungit pisan, djadi oekiran djro diri, nambat népi ka ahir, sapandjang oemoer teu oendoer, noe matak oelah weja, prilampah koedoe djeung pikir, koedoe awas kana piéngkeeunana.

217. Reudjeung sadjaba ti eta, moen boedak geus bisa oelin, oelah pisan sok antépan, lampahna teu dipidoeli, sok ngomong goreng harti, tjawokah djoerang teu patoet, tambah-tambah dihadja, sok diadjar oedoe deui, tangtoe pisan djadi katagihanana.

218. Ænggeus tangtoe matak soesah, tina tjan boga rëdjeki, djadi nambahan balandja, sapopoëna geus pasti, tangtoe koedoe koe doeit, eta ge masih ti indoeng, tambah ngoerangan sehat, tjeik omongna anoe arip, moen boedak mah përlöe koedoe dilarang.

219. Përloena koedoe digeuwat, meungpeung leutik sina ngadji, atawa asoep sakola, soepaja boga pangarti, soepaja hënteu mam-pir, napsoena ka noe teu poegoeh, ka djalan kadjahatan, diadjar nipoe djeung maling, ngadjadikeun tjilaka kana dirina.

220. Limawëlas moen njoenatan, anak sabab ænggeus galib, oelah sok njieun karia, rojal poepeasan ati, lamoenna hënteu pasti, boga bahan anoe tjoekoep, toer lain beunang hoetang, æstoe doeit noe isëli, teu manpaat lamoen matak gëde hoetang.

221. Karëp hajang mikaheman, ka anak tapi dibalik, sasatna neungteuinganan, hënteu ngingëtkeun ka ahir, teu boga keur ngawaris, ka anak modalna hiroep, atawa djang ongnosna, sakola soepaja ngarti, leuwih hade gëmi kana njengtjelengan.

222. Hënteu pandjang ditjarita, hal ieu ænggeus kaoeni, ka-oengël dina karangan, Mas Ardiwinata arip, sarta kasohor radjin, kandoeroean geus kasëboet, pasal noe kariaan, loba anoe djadi miskin, ænggeus tangtoe kadoehoeng reudjeung kamboehna.

Gamboeh.

223. Gënëpwëlas katjatoer, dina ieu tëmbang lagoe gamboeh, noe ditjégah koe lakoe bangsa moeslimin, nja eta basa mim toedjoeh, oelah rek pada ngalakon.

224. Nja eta noe disëboet, madat maling maehan djeung minoem, bogoh maen geus poegoeh lampah mangani, djëdjëgna djeung noe katoedjoeh, nja eta lakoening madon.

225. Poma sing pada djaoeh, krana teu pantës moen dipilakoe, tërang pisan haloean tjilaka diri, djadi bibiting kadoehoeng, tjëgah oelah dipipoho.

226. Tina hal oedoeid tjandoe, tangtoe mo' aja poë kalaroeng, koedoe bae boga doeit baris meuji, moen teu boga doeit estoe, banda oge djadi rontjong.

227. Geus tangtoe lambat-laoen, doeit sisip banda miloe lapoer, aja banda kinasihan ngadjanggari, badan roeksak, koeroe lësoe, jahja soerëm djeung tjarëlong.

228. Lamoen ænggeus moeloentoe, tinggal soesah kawoewoeh oe bingoeng, rek ihtiar niat neangan rëdjeki, tapi tanaga geus resoet, sasatna ænggeus rerempo.

229. Hal lakoe toekang ngadoe, watëkna hënteu djoedjoer a lakoe, loba soesah djaoeh kana sënang ati, soemawon mi-a kasboek, baris meresan lalakon.

230. Pikiran oewat-awoet, lamoen teu boga modal djang ngadoe, samar polah rasana teu bétah tjitjing, watéking noeroet-keun napsoe, toengtoengna sok djadi bokbrok.

231. Lamoen di waktöe nganggoer, henteu ara mikir ka noe përloe, lalamoenan ngan maen anoe kaimpi, lamoen geus ngarasa bingoeng, sabab pikirna sok serong.

232. Teu sènanng lampah lakoe, sabab mindéng kahoetangan toendoeh, sirah poejéng panon beureum djeung barintit, pikir pondok badan lésöe, djadi ngalélébar tempo.

233. Sehatna badan tangtöe, djadi koerang sabab wékél dioek, dina waktöe ngasokeun anggota diri, noe geus poegoeh djadi oemoem, katangtöean ti Jang Manon.

234. Sanadjan paréng oentoeng, aja bagdja tina meunang ngadoe, tapi tara djadi milik noe iséli, krana henteu bisa noetöe, ka oeroet eleh bareto.

235. Lampah maling nja kitoe, eta ge goreng-gorenging lakoe, mapan térang larangan agama soetji, nagri ge kapan mapatjöe, sabab kalaköean awon.

236. Oepama meunang oentoeng, henteu beda djeung noe meunang ngadoe, teu dipake ngamodal babalik pikir, malah djadi tambah madjöe, indit peuting tjara kalong.

237. Tapi rasana tangtöe, djaoeh tina aja sènanng kalboe, sapandjangna ngan pinoeh bae koe risi, inggis bobor nja rahajöe, soeméblak sieun kadongdon.

238. Tatapi laoen-laoen, koedoe bae kasorang pakewoeh, ditambaloeng diiring-iring poelisi, ahirna tangtöe dihoekoem, didjieun pangeusi berok.

239. Lamoen diböeang djaoeh, énggeus tangtöe tinggal imah lémboer, na teu watir papisah djeung anak rabi, toer anak oge kaséboet, toeroenan noe sok ngabadog.

240. Hal anoe beuki minoem, tara élat dina djamna tangtöe, lamoen élat teu poegoeh rasaning diri, gatar-gétér henteu poegoeh, kana gawe sok woewoedon.

241. Sadjaba tina kitoe, henteu paja lamoen paréng koempoel, di noe aja inoeman sok koedoe meuli, nginoemna teh katalandjöer, tangtöe bae djadi mabok.

242. Lamoen geus mabok tangtöe, poho kana sagala papatjöe, ka noe djadi larangan hadis djeung dalil, tingkah polah soentrang-santroeng, kana kamanoesan poho.

243. Ajeuna rek ditjatoer, anoe wani maehan geus poegoeh, ngadjadikeun dosa gède lahir-batin, loba anoe nandang hoekoem, digantoeng népi ka maot.

244. Henteu pandjang ditjatoer, tina ieu pérkara geus poegoeh, sarerea oge énggeus pada ngarti, kaitoeng larangan poendjöel, moal aja noe teu njaho.

245. Hal djalma malès lakoe, kana sagala gawe ge kědoel, hěnteu boga lampah mariatkeun diri, rěsěp diparaban batoer, digawe sagala mogok.

246. Tjilakaning noe hiroep, lamoen noe boga panjakit kědoel, nadjan boga kapintěran liwat leuwih, lamoen didjoeroeng loemakoe, teu lian ngan goera-garo.

247. Taja goena saramboet, djalma anoe pantar tjara kitoe, kapan pěrloe djalma ngoepaja rědjeki, djadi mahiwal ti batoer, naha hěnteu beuki kedjo.

248. Lampah madon katjatoer, eta oge adat hěnteu patoet, krana djaoeh tina kalakoean soetji, bakoena sok loba moesoeh, kalamah sok meunang tjabok.

249. Djeung salawasna tangtoe, ngadjaoehan kahimatan hiroep, hěnteu mambrih kana kamoeljaan diri, hěnteu bisa nahan napsoe, malah banda miloe rontjong.

250. Hasilna anoe tangtoe, hěnteu lian kadjaba kadoehoeng, rehna djadi timboel sagala panjakit, ngaroeksak badan saestoe, malah loba anoe lolong.

251. Radang sampar geus poegoeh, noe ngadjadikeun prihatin estoe, bakoena mah noe sok minděng njěri kiih, tambah panjakit ngawoewoeh, ahirna djadi woewoedon.

252. Toedjoehwėlas katjatoer, di sagala tatakrama lakoe, krana loba karangan anoe geus arip, sagala noe geus kasěboet, hěnteu koerang moen rek ngilo.

253. Ambrih teu pandjang tjatoer, oerang singgětna bae diboeroe, malar gampang djadi babari kaharti, di sakabeh laga-lagoe, bangsa Eropa ditiron.

254. Tapi sakoer noe njangkoet, ka larangan agama mah poegoeh, noe diharamkeun koe hadis reudjeung dalil, eta mah oelah ditoeoet, djeung adat Islam teu tjotjog.

255. Karana ęnggeus poegoeh, tandinganana dina pangaroeh, di bangsa Eropa anoe ęnggeus boekti, tina manpaatna elmoe, pantės didjadikeun tjonto.

256. Geura ajeuna oekoer, tina kawarasan badan tangtoe, tetela jen waras badan koelit poetih, koeat badanna ge kitoe, oerang mah tetela kawon.

257. Moen ngadoe pandjang oemoer, eta oge sigana geus tangtoe, moen ditimbang rata-ratana noe pasti, sabraha pěršen kaitoeng, oerang mah ninggang di kawon.

258. Komo deui moen ngoekoer, tina kakajaan ge 'mo njoesoel, moal pisan koe oerang bisa katanding, kapintěran komo djaoeh, lir boemi djeung langit jaktos.

259. Sakitoe ęnggeus tjoekeop, nasehat kaoetamaan lakoe, geura pikir soepaja ngadjadi hasil, batoer djeung sanak sadoeloer, moega-moega pada ngartos.

260. Ajeuna ěnggeus toetoep, pamoega Goesti Jang Maha Loehoer, ngahoedjanaan ilham sipating noe soetji, tina ieu lagoe gamboeh, ditoengtoengan tẽmbang sinom.

Sinom.

261. Ieu kaoela wẽwẽkas, ka sadaja noe ningali, kana ieu toetoelisan, sadaja oelah rek lali, maparin pangaksami, oelah rek njangka takaboer, lain ngalalangkoengan, ka noe ěnggeus pada ngarti, ngarang soteh pẽrloena baris baroedak.

262. Ieu tjarita dikarang, minangka didjieun dangding, soegan aja manpaatna, mẽnẽrkeun lampah noe lali, loemajan tamba tjitjing, sakadar lamoen keur nganggoer, di Mẽrdika babakan, imah kaoela noe doip, hatoer salam Raden Koesoemadibrata.

EUSINA:

KATJA

1	Boeboeka	1.
2	hal baranghakan	2.
3	„ kabërsekaan badan	4.
4	„ „ papakean	4.
5	„ „ roemah-tangga	6.
6	„ piaraan ingon-ingon	7.
7	„ keuna panjakit	8.
8	„ kapintëran	10.
9	„ laki-rabi	11.
10	„ lakoe-lampah	14.

Ngaranna boekoe	Ngaranna noe ngarang	Har- gana.
Oerang Badoej (Tjarita)	R. Djajaperbata	f 0.06
Panggoegah (Boekoe)	M. Kartadimadja	" 0.08
Raden Oestama (tjarios)	R. Ardiwinata	" 0.70
Siddarama atawa Djaja		
Roekmantara (tjarita)	Mr. van Limburg Brouwer	" 0.90
Bab njëgah nginoem arak	J. Kats	" 0.70
Genoveva	C. Schmid	" 1.—
Poelo Karang	R. M. Ballantyne	" 1.55
Bab pëpëlakan	R. Soeria Adiwidjaja	" 0.20





